

Kisa pou w fè pou Doule Kansè

Doulè se fason kò w di w ke yon bagay pa nòmal. Se sèlman ou ki konnen lè w gen doulè ak kijan w santi l. Gen kansè pa toujou vle di ke w pral gen doulè. E si ou gen doulè, gen lòt bagay ki pa kansè ki ka lakòz li. Tout doulè kapab e ta dwe trete. Enfòm ekip swen kansè w sou doulè w imedyatman. Doulè pi fasil pou trete lè li fenk kòmanse.



Kisa ki lakòz doulè kay moun ki gen kansè?

Kòz ki pi komen pou doulè ki gen rapò ak kansè yo se:

- Timè (k ap devlope epi ki fè presyon sou pati nòmal nan kò a)
- Konpresyon mwèl epinyè
- Doulè nan zo
- Chiriji kansè
- Doulè fantom (doulè ke ou santi nan yon pati nan kò ki pa la ankò)
- Efè segondè chimyoterapi ak radyasyon
- Newopati periferik
- Pwosedi ak tè



Kijan sansasyon doulè kansè ye?

Ou ka santi diferan doulè nan diferan moman. Li kapab nan yon sèl kote oswa nan plizyè kote nan kò w.

Gen moun ki dekri doulè tankou:

- Vif
- Anba anba
- Sansasyon brile, pisaltil, oswa pikotman
- Tansyon oswa sansasyon rèd nan misk

Doulè kansè ka afekte tout pati nan lavi w.

- Ou ka pa kapab fè bagay ou bezwen fè yo.
- Ou ka gen pwoblèm pou dòmi ak manje.
- Ou ka santi w fatige oswa "deprime" pi fò nan tan an.
- Ou ka iritab, fristre, tris, e menm fache.



Kijan yo trete doulè kansè?

Gen anpil medikaman, anpil fason pou pran medikaman yo, ak anpil tretman san medikaman ki ka ede soulaje doulè w.

Pi bon fason pou kontwole doulè kansè se pou anpeche li kòmanse epi jere l pou l pa vin pi mal. Travay avèk ekip swen kansè w pou jwenn tretman doulè kansè ki pi bon pou ou an.

Pran medikaman pou doulè kansè jan ekip swen kansè w la endike w, sa ka ede w jere doulè a. Men kèk kesyon ou ka vle poze ekip swen kansè ou a sou medikaman kont doulè:

- Ki kantite medikaman mwen ta dwe pran? Konbyen fwa mwen ka pran li?
- Si li pa mache, eske mwen ka pran plis? Si wi, ki kantite?
- Èske m ta dwe rele w anvan m pran plis?
- E si mwen bliye pran li oswa pran li twò ta?
- Èske m ta dwe pran medikaman m ak manje?
- Konbyen tan li pran medikaman pou li kòmanse travay?
- Èske li san danje pou m kondwi oswa opere machin apre m fin pran medikaman kont doulè?
- Ki lòt medikaman mwen ka pran avèk medikaman kont doulè a?
- Ki medikaman mwen ta dwe sispann pran pandan m ap pran medikaman kont doulè a?
- Ki efè segondè mwen ta ka genyen de medikaman an, kijan mwen ka anpeche yo, e kisa mwen ta dwe fè si mwen genyen yo?



Ki lòt bagay ou ka fè pou ede w jere doulè kansè an?

Ansanm ak medikaman kont doulè an, ou ka eseye tou lòt metòd ki pa medikal pou ede

soulaje doulè kansè w. Metòd sa yo gen ladan:

- Akiponkti, akipresyon, ak refleksoloji
- Konprès frèt oswa cho
- Distraksyon
- Sipò emosyonèl ak konsèy
- Ipnoz
- Masaj
- Teknik relaksasyon
- Yoga



Kilè pou pale ak ekip swen kansè w


Pale ak ekip swen kansè w si doulè a pa amelyore, li vin pi mal, oswa ou pa ka

leve nan kabann pou plis pase 24-48 èdtan.



Kijan pou w pale de doulè w

Itilize yon echèl doulè pou eksplike nivo doulè ou genyen.



Dekri doulè w.

Kèk mo ou ta ka itilize se:

- Anba anba
- Ap brile w
- Vif
- Elektrik
- Pèsistan
- Tankou on kout kouto
- Ap lanse w
- Angoudi

Di ekip swen kansè w:

- Ki kote w gen doulè
- Konbyen tan li dire?
- Ki sa ki fè li amelyore oswa pi mal
- Si li anpeche w fè sa ou vle fè
- Sa ou te eseye pou fè doulè an amelyore e si li te mache



Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit entènèt American Cancer Society nan cancer.org/haitiancreole oswa rele nou nan **1-800-227-2345**.
Nou la lè w bezwen nou.

